



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premii: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 saqaris: (apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemawah.



REGNIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regning Soeara Katholiek

1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN:

Economie ladjeng politik — Sanès toean Th. A. Edison — Wanita ing babagan sosial — Wanita ing Solo — Katoer sadèrèk Wanita Katholik — Opvoeding dedasar, social — Réna — Panganggènipoen laré — Beksa modèl énggal — Pakné-kontra Bokné — Sabab inkang anèh — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari.

PRADJA RAHAJOE.

ECONOMIE ROEMIJIN, LADJENG POLITIEK.

Oral politik disik, economie kèril Mangga poenika poendi ingkang leres? Soepados katingal leres lepatipoen, badé koela djlèntrehaken. Ija politik, ija economie bareng pada diempeng! Poenika pandoege koela boten saged toemindak, amargi saweg ngempeng satoenggal kémawon rekaos, sampoen malih kalih, wah genah mokal.

Mangké roemijin. Economie poenika poenapa, politik poenika poenapa?

Amrih tjetanipoen, dados tjara bodon-bodonan, badé koela terangkan mawi oepami. Tijang Djawi poenika awis ingkang soegih tjèlèngan. Tjina katah ingkang remen njèlèngi. Tijang Djawi jèn betah arta oetawi sanès-sanèsipoen kabetahaning grija, ladjeng njamboet dateng Tjina. Wondéné Tjina margi njamboeti oetawi kerep dipoentoembasi déning tjing Djawi, ladjeng angsal bati katah. Dados jèn makaten: Djawi poenika ing bab economie kawon kalijan Tjina.

Tanah ingkang kacèrèh ing tanah sanès poenika tegesipoen: wewenangipoen ing prakawis politik kawon. Kados déné tjing Djepang kasamèkaken kalijan Walandi, poenika dadosipoen ing bab politik ngengkoeli tjing Djawi. Badènipoen Tjina kasamèkaken Walandi poenika tegesipoen: ing bab politik wonten sanginggil tjing Djawi. Tijang ingkang moengé: „politik disik, economie kèri“ poenika kadjengipoen: Djawa dipadakna karo Tjina, Djepang disik. Mengko economie rak gampang.

Poenapa poenika njata? Samangké tjing Djawi poenika boten sami kalijan Walandi, ing babagan politik taksih wonten ing ngandapipoen, toer economie taksih ringkih. Mila Negari andjagi soepados sampoeng ngantos kedesoek. Mangga ta dipoengalih: sarèhné tjing Walandi kalijan Djawi badé wewenangipoen ing bab politik, mila ing prakawis nganggé pasitèn ingkang kadamel badé. Tijang Walandi boten kénging toembas pasitèn sakadjeng-kadjengipoen kados tjing Djawi. Ingkang makaten poenika amargi Negari karsa ngajomi tjing Djawi.

Politik disik, economie kèri! Poenika tegesipoen: wong Djawa dipadakna Walanda, déné bab economie mengko rak gampang.

Boten gampang, malah rekaos. Jèn tjing Djawi sami kalijan Walandi, Tjina, Djepang, ladjeng sadaja-sadaja kedah sami. Tjina, Djepang, Djawi jèn tetoembas siti kadamel sami. Nanging Djawi bab economie kawon pijambak. Ladjeng kadospoendi kadadosanipoen? Siniipoen tjing Djawi katoembas ing Tjina lsp. woesana boten gadah siti pijambak.

Dados politik roemijin, economie kantoen, poenika klèntoe. Tijang Djawi kedah pinter roemijin, ing bab economie mengpeng, boten kawon kalijan Tjina, Djepang lsp. Tijang Djawi sageda ing bab economie ngedjori golongan sanès. Mangké jèn sampoeng makaten, samia ing bab politik inggih boten dados poenapa, awit tanah poenika jèn tjingipoen toenggil wewenang ing babagan politik, sarta ing bab economie sami kijatipoen, ladjeng tjara tradjoenipoen makaten: timbang lan anteng. Béda kalijan manawi ing bab politik sami, ing bab eco-

nomie boten, poenika ladjeng andjomplang awrat sasisih.

Mila inggih economie roemijin, ladjeng politik.

„Jèn Kober.“

SANÈS TOEAN TH. A. EDISON?

Ing Sw. Tm. no. 36 tg. 18 Oct. kakabaraken bilih t. Th. A. Edison ingkang manggih (damel) lampoe èlèktris mawi pentol gelas: kabar, pakabaran poenika boten njata; ingkang manggih (damel) lampoe waoe sanès t. Th. A. Edison, nanging t. Heinrich Goebel, satoenggil tjing Djerma, ingkang nèm-nèm ipoen dados toekang djam lan damel pirantos-pirantos kanggé sekolahan loehoer ing Hannover. Sareng oemoer 30 taoen pijambakipoen dateng New York; wonten ing ngrika mbikak toko alit-alitan. Anoeedjoe satoenggil tjing dinten manggih — kapinoedjion? — serat deling sampoeng dados areng; poenika dipoensokakaken ing gendoel (roemijin isi ménjak wangi), sasampoenipoen gendoel waoe dipoentjiali hawanipoen; serat deling kagandèng kalijan kawat, ladjeng dipoenèlèktris, poenika lampoe èlèktris sapisanan. Kalampahan ing antawisipoen taoen 1854 — 1855.

Déné toean Edison namoeng njakèkaken barang ingkang roemijin dèrèng sampoerna oetawi boten patos kagatosaken. Mila sadjatosipoen ingkang manggih lampoe waoe Toean Heinrich Goebel, sanès toean Th. A. Edison. Makaten tjarijosiipoen.

„de KOERIER.“

LARASATI.

WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Pangkat oetawi pakarjan tengahan katah ingkang katindakaken déning tjing èstri; tjonto-tjonto boten kirang. Oep.: dados goeroe, anggoela wentah tjing sakit, mangagengikaoem berah, ngedegaken pondokan laré, taman siswa, moelasara laré boten kopèn, cipier ing koendjara kanggé tjing èstri; kanggé ing kantor pos, télépoen lan tilgram — tilgram wanita inggih saé pandamelanipoen. Éwadéné parepatan ingkang kadamel ing tanah Djerma mahjakaken bilih tjing èstri ing pandamelan kasboet meksa taksih kirang njekapi katimbang prija, sebab wanita kerep énggal sakit, ladjeng kirang kijat. Makaten oegi kasarasanipoen goeroe èstri, inggih kirang saé. Poenapa malih wanita boten tahan dateng dajanipoen èlèktris. Déné manggah pangkat tengahan sanès sampoeng tjeta wéla-wéla, bilih tjing èstri boten saged, oep.: dados saradadoe, dados mantros ing kapal, pèl poelisi oetawi resisir lan sapanoenggilanipoen.

Kabetahanipoen bebrajatan oegi andjalari, bilih pangrèh pradja kedah toemoet tjawé-tjawé. Tijang èstri ingkang among brajat, sampoeng kaparengaken makarjalan ingkang sampoeng njamboet damel kadèndelana. Makaten poenika koewadjanipoen pangrèh pradja, ingkang kedah nggatosaken dateng kabetahanipoen oemoem. Mangka ingkang nomer satoenggal i. p. saé lan tjantasing toemindakipoen bebrajatan. Saepami katah tjing èstri ingkang boten saba tjina, kadospoendi sagedipoen ngoepakara laré kanti samestiniipoen? Kados ingkang sampoeng kerep koela atoeraken: bebrajatan poenika pandamelan awrat lan katah sanget tetanggalanipoen. Soepados bijoeng sampoeng ngantos koemedah-kedah badé njamboet damel dateng sadjawaning grija, kedah soemerep kanti terang koewadjanipoen sadaja. Tjopi bab praataning grija kémawon ingkang koela pendet kanggé oepami. Boten kénging babar pisan tjing èstri angoenandika makaten: „Apa ta gawéjankoe iki? Angger akoe woes olah-olah, arep apa manèh? rak ija oewis, ta? bandjoer kena nge-mèk panggawéjan sadjabanig omah,

doewé pangkat, tanpa blandja!!

Inkang makaten poenika mratandani anggènipoen dèrèng damang sanget oetawi kirang anggatosaken dateng kewadjanipoen. Ingkang ngertos kedjibanipoen, temtoe boten badé kober njamboet damel ing sadjawaning grija. Ingkang gadah raka tjepeng damel, oep.: goeroe, tjarik kantor, kedah ngoedi lan mersoedi sanget, kados-poendi sagedipoen ingkang raka ajem lan djendjem wonten ing grija. Samangsa sampoeng mèh wantjinipoen wangsuel, sageda adreng kepéngin mantoe, lampah ing margi karikakaken, sebab selak kesesa soemerep ing grija lan kepanggih ingkang raji. Poenapa ingkang moerogaken makaten poenika? boten sanès namoeng pranatanipoen grija, ingkang rinengga lan djinagi tjing èstri. Kosokwangsoel, manawi ingkang èstri boten migatosaken, boten perdoeli tata resiking grija, djogan ndjembrong, oewoehipoen ngeroek, o, temtoe boten badé ingkang raka kesesa-sesa mantoe; bokmanawi malah ladjeng mampir dateng grijanipoen kanti, ingkang bab tataning grija langkoeng saé lan ngresepaken tiningalan; oetawi ladjeng dateng panggénan sanès.

Menggahing tjing èstri ingkang sampoeng émah-émah toer dédé ambenar, boten kénging kasamèkaken kalijan tjing èstri ingkang njamboet damel ing pabrik-pabrik; dados manawi poenika dipoenawisi radi kesangeten. Kaot kalijan ingkang njamboet damel ing pabrik, poenika boten wonten awonipoen, krana sebab-sebab ingkang sampoeng koela atoeraken ing Sw. Tm. no. 37.

Djalaranipoen béda i. p.:

- 1. Katah ipoen tjing èstri (gadahan) ingkang tjepeng damel tengahan boten sepintena, mila kabetahan oemoem prasasat boten kapitoenan.
2. Ingkang kerep wonten ing grija lan boten oesah ndjilimet panjamboet-damelipoen, ngantos soepé koewadjanipoen dados bijoeng toewin dados njonjah roemah.
3. Prakawis ing grija sadaja sampoeng wonten ingkang mranata lan ndjagi.
Déné manawi saja katah ingkang mendamel, ladjeng ngliwakaken koewadjan ing grija, kénging kawisan, sebab makaten poenika kabetahan oemoem nama kirang kagatosaken, woesana damel pitoenaning ngakatah.
Déné bab blandja (éphan, kanggé kaoem berah) sampoeng naté kamot ing Sw. Tm. ngriki. Manawi tjing èstri kénging njamboet damel blandjanipoen (éphanipoen) inggih kedah moerwat. Patokan moengé „wong wadoh koedoe dibajar satitik“ poenika soelaja kalijan adil. Sinten kémawon kedah kabajar maot pandamelanipoen ngriko, boten kénging ningali kabetahanipoen; boetoehé satitik bajaré ija satitik poenika lepat. Saking pangadjeng - adjeng koela sageda tjing èstri angsal bajar samestiniipoen. Noewoen!

A.

WANITA ING SOLO.

Model-model. Poenapa boten „melas“

Ah kepeksa ngeloes dada koela, soemerep sadèrèk kita Wanita sawatawis (kilap baboe, koki, poenapa kados-poendi . . . ?) ingkang sami ngideraken koran woelan. „Mardi-rahardja“ oeroet margi. Ingkang koela mesakaken poenika, boten kok margi anggènipoen nindakaken pakarjan saé waoe. O, babar pisan boten. Nanging anggènipoen ladjeng kosokwangsoel lan toedjoenipoen, malah . . . dados pirantos, kanggé reclame, kanggé gegoedjengan para oegal-oegalan, ingkang para maos saged ndoege pijambak; koela boten wani ngatoeraken djalaran . . . te erg? Saja kanggé kita Solo, sadèrèk . . . Memelas! Goemoen koela kawontenan ingkang kados makaten kok

katindakaken? Poenapa kadjarag? Boedi Wanita; poenika pakarjan pandjenengan! Poetri Indonesia kados sakoela ingkang taksih ngrangkoel dateng kasoelasan wétanan, semrepet, sisah, ningali kawontenan kados makaten.

H.

KATOER SADÈRÈK WANITA KATHOLIEK.

Noewoen, sadèrèk wanita! Kita sedaja sampoeng sami ngertos, bilih samangké djaman kemadjenan, djaman balapan ing babagan sadaja parkawis, langkoeng-langkoeng balapanipoen prija lan wanita anggènipoen sami ngoepados, ngindakaken toewin matengaken dateng sadaja kawroeh. — Mangga sadèrèk wanita katholik, koela atoeri madjeng saèstoe, sampoeng tanggel-tanggal. Nanging atoer koela dateng sadèrèk wanita katholik sadaja:

1). amatengaken dateng dedasar-dedasar katholik ingkang saèstoe roemijin, soepados, manawi doemoege ing madyaning gesang sesarengan, sampoeng ngantos ladjeng anggroendel bingoeng, wasana toena doengkap anggènipoen moetoesi sadaja prakawis;

2). sampoeng ngantos kados revolutie tegen prija (memengsahan kalijan prija) anggènipoen sami angajak kemadjenan;

3). wanita katholik boten perloe neda wangsueling hak-hakipoen dateng prija kados wanita sanès, amargi boten wonten haking wanita katholik ingkang katjepeng wonten ing tanging prija katholik; — déné manawi wanita katholik angrèntjagi sadèrèk ipoen wanita sanès katholik aneda wangsueling hak-hakipoen, soepados sami sadjadjar lan haking wanita katholik, poenika koela malah mangajoebagja sanget;

4). sadèrèk wanita katholik sampoeng ngantos anggadah panginten, jèn wanita saged sami ing samoe-dajanipoen (absoluut) kalijan prija; toer oepami absoluut saged sami, poenika malah kapitoenèh pijambak ing prakawis ingkang perloe-perloe; inggih poenika kètjalan wewatekanipoen ingkang aloes-aloes, boten saged mrenata balé grija toewin anggoela-wentah anak kados samestiniipoen i. s. s.

Déné manawi sadèrèk wanita katholik remen sanget anggeboer dateng kalangan politik, koela atoeri loemebet dados warganing pakempalaan P.P.K.D., awit:

a). W.K. poenika rak pakempalaan social sanès pak. politik ta?

b). wonten ing vergadering-vergadering P.P.K.D., sadèrèk wanita saged sinaoe kados-poendi prenatal-prenataning pakem. politik toewin saged ambèdakaken prakawis social kalijan politik.

c). wonten ing vergadering-vergadering P. P. K. D. katah sanget prakawis-prakawis ingkang dipoerembag, lan ingkang perloe sanget dipoensoe merepi déning sad. W.K. Ing wasana moegi-moegi sad. W. K. kersaa andah dateng sadaja atoer koela waoe. Déné manawi sad. W. K. temen badé anggajoe sadaja ingkang sampoeng koela atoeraken ing nggih, inggih poenika no. 1 t/m 4, kerepa maos boekoe-boekoe katholik, ingkang ngrembag babagan social oetawi politik, oepaminipoen: a. Leerboek der Sociologie, karanganipoen J.D.J. Aengent. b. Onzè Roomsche vrouwen, karanganipoen Corry Uitendoorn. c. De Christelijke Moeder in de heden-daagsche wereld, pertalan saking basa Djerma (Duitsch) karanganipoen Mgr. A. Egger i. s. s.; tjekakipoen boekoe katholik ingkang ngrembag social toewin politik tanpa wjtjalan; dados sad. W.K. boten perloe maos boekoe ingkang oegi ngrembag prakawis poenika karanganing tjing sanès katholik. Mangké mindak

Taklim koela: T. R.

OPVOEDINGEN ONDERWIJS.

OPVOEDING

DEDASAR NATIONALISME????

Mvr. Atma, koela sampoeng maos artikel pandjenengan wonten ing „Isteri“ no. 5, ingkang wosipoen kénging koela tjekak „Panggoela-wentah ikoe koedoe adedasar Nationalisme.“ Rak inggih ta?

Koela mentas maos boekoe ingkang atitel „Meisjesroeping“ ing rikoe wonten prakawis ingkang pantas kita tjatet, minangka kanggé oelar-oelaring rembag: i. p. „Abot-aboté sanggané wanita, jalkoe nggoela-wentah anaké.“ Leres sanget bab poenika. Sinten ingkang boten ngakeni. Wanita poenika goeroe ingkang kedah toemindak roemijin, kedah ndedasari toemrapping panggoela-wentah. Jèn dedasariipoen bregas, inggih tjalon oetoe badé bregas kadadosanipoen. Mvr. Atma, babagan panggoela-wentah poenika sinawang saking djagading ébah-ébah, kalebet satoenggil prakawis ingkang saklangkoeng wigatos, perloe lan gawat sanget. Perloe, kita temtoe sami ngakeni. Kadospoendi déné kok gawat? Mangké roemijin, sabar Mevr.? Gawat sanget, djer manawi ngantos klèntoe, tjengkah kalijan ingkang nama leres, badé damel kapitoenan ingkang ageng. Mila para gegèmbong ingkang nedja memajoe-ajoeing djagad, oegi sanget anggènipoen menggalih dateng babagan „panggoela-wentah“ waoe. Amrih saged kadoemoegèn sedyanipoen, kedah ndandosi para djoeroe „nggoela-wentah“ (inggih goeroe inggih iboe) soepados sami ngertosa dateng wadjanipoen. Mvr. Atma, kados pandjenengan oegi boten kekilapan, kados-poendi swanten saking Volkenbond, inggang gegajoetan lan bab poenika; mangga koela atoeri éngget dateng „Briands Rede“ Minister van Buitenlandsche Zaken tn. Frankrijk!

Mvr., para tjing ingkang nedya ngrisak dateng „wereld-vrede“ temtoe badé saged énggal kadoemoegèn sedyanipoen. Jèn saged nggepoe para djoeroe „nggoela-wentah“ roemijin, ingkang tn. woetah rah kita mèh kémawon angsal warisan bab poenika. Koela atoeri éngget djaman ébah-ébah „C“ roemijin. Katah para goeroe, langkoeng2 bawah Pekalongan (makaten oegi siswa tjalon goeroe oepami: N.S. Solo, Madioen) ingkang kagepoe roemijin, lan ing wekasnipoen katah ingkang sami dados koerban.

Mila para lboe, para goeroe: ingkang prajitna!! Ingkang ngertos ing wadjan!

Mvr., gegajoetan lan artikel pandjenengan koela kapeksa nglampahaken pèn koela, atoerak pikiran; nanging boten nedya ngadjak polemiek (perang) journalist wonten ing s. kabar); babar pisan boten. Saèstoe Mevrouw.

Panggoela wentah adedasar Nationalist.

Kados - poendi Mevrouw karsa pandjenengan?

Mvr., keparenga njoewoen priksa, poenapa Nationalisme poenika „beginsel“ kok kanggé dedasar nggoela-wentah? Kadjeng koela beginsel kados déné „Katholicisme“, Socialisme“ i. s. p. Mvr; keparenga koela njoewoen seserepan bab poenika?

Jèn panggoela-wentah, adedasar Nationalist, dados wiwit ijk-ijk sampoeng aerah Nationalist, Nationaliteit-ipoen ingkang karoemijnaken, kaperlokaken, kasoenggi-soenggi, dinéwa-déwa, koela wani mestèkaken jèn kawontenaning donja badé saja gendra, saja awon katimbang sa-poenika, djer gampang sanget dateng „Ultra Nationalisme“ ingkang gadah toedjoe nedja andédawa lan manggoel vaandel-ing kabangsanipoen pijambak-pijambak, ingkang tjengkah sanget kalijan weninging boedi, tjengkah sanget lan karsaning Pangéran, tjengkah sanget lan „Algemeene broederschap“ beginsel saking

PAKABARAN SAKING BESTUUR P. K. W.

1. Ing sarèhning sampoen doeng-kap toetoeing taoen, moegi wontena kaparengipoen para K. W. toewin pakempalan sanèsipoen ingkang ngajom dateng P. K. W.,

a. ngintoenaken djangkepipoen CONTRIBUTIE kanggé taoen 1929 poenika. (Adres: Hr. Th. A. WIG-NJAASMARANA N. S. AMBARAWA).

b. ngintoenaken palapoeran taenan (jaarverslag) ing taoen poenika. Wiwit dinten poenika oegi Pangrèh P. K. W. ngintoenaken formulier kanggé jaarverslag dateng K. W.-K. W. Formulier waoe bilih sampoen kaisenan, ingkang satoenggaling moegi kakintoena wangsoel dateng Pangrèh P. K. W.

c. ngintoenaken voorstel-voorstel (oesoel-oesoel) ingkang badé kaadjengaken wonten ing parepatan P. K. W. oemoem. Voorstel-voorstel waoe kados taoen ingkang kapengker moegi kakanténana katrangan (toelichting), amrih K. W. sagedipoen gampil anggènipoen ngrembag, dados boten seling serep.

Tamtoe kémawon oesoel-oesoel, bilih sampoen loemebet sadaja, badé kapatjak wonten ing Swara Tama. Kedjawi poenika sampoen kasoepèn ngadjengaken sawoeng kanggé Pangrèh P. K. W. énggal.

2. Sanget andadosaken bingahing manah, déné sapoenika tjatjahipoen K. W. ingkang ngajom dateng P. K. W. mindak satoenggaling Wiwit woelan November 1929 K. W. ing Blitar kaanggep dados warganipoen Poesara Katholika Wandawa. K. W. poendi malih ingkang ladjeng toemoenten noetoeti ngempal dateng P. K. W. Menawi Pangrèh P. K. W. boten kalintoe, kados ing Gandjoeran Pekalongan toewin ing Kalasan oegi sampoen wonten pakempalan Katholika Wandawa; bédjng poenapa anggènipoen sami badé loemebet dados warganipoen P. K. W. Soemangga para sadèrèk ing sanès panggenan, ingkang tjatjahipoen njekapi, koela atoeri toemandang ada-ada angedegaken K. W. ladjeng toemoenten ngempal wonten ing P. K. W. amrih pakempalan kita waoe dados mindak ageng miwah kekah, djpoenasi toewin katingal ing sanès golongan.

Pangrèh P. K. W.

St. Thomas van Aquino, ingkang sanget ingaosan ing para tjang Katholiek. Dados adedasar Nationaliteit tok dèrèng tjekap, kedah dinasaran malih adjrih lan Pangéran: ngèstokaken dawoehing Pangéran; djer jèn boten makaten temtoe gampil sanget salah kedadosanipoen kados atoer koela inggiling; malah terkadang ngantos doemoegi keladoek mbahing keladoek. Mvr. Atma, koela atoeri manggaling ingkang sajektos dateng oekara koela „keladoek mbahing keladoek” kerowanan sanget jèn badé koela andaraken ingriki; minangka kanggé oelar-oelar koela atoeri nolèh Nationale bewegingen ing tn. Italie, tn. Tjina, lan oegi sampoen kasoepèn ing tn. woetah rah kita „Iboe Indonesia” poenika; septin gradning Nationaliteit-ipoen, koela atoeri mé-tani ingkang sajektos; amrih saja gampil koela atoeri nolèh „wonten poendi doenoeng kita” ingkang kita oegi kalebet bangsaning sadèrèk ingkang ngaken Nationalist waoe. Hara rak moenggoeh sanget, atoer koela „keladoek mbahing keladoek.” Pasamoan Soetji, boten najogjani sanget dateng Nationalisme tjap keladoeken; P. Soetji boten najogjani sanget dateng Nationalisme tjap Mussolini ingkang nedyá andéwá-déwa bangsanipoen pijambak: djer poenika tjengkah lan karsaning Pangéran, pepoendèn kita,

Noewoen sèwoe, koela wani matoer makaten wonten ingarsa pandjenengan kados makaten, djer kita nggadahi beginsel ingkang langkoeng loehoer, tinimbang poenika i.p. Katholicisme. Katholicisme ngakeni dateng wontenipoen Nationalisme, (nanging ingkang kados-poendi?). Tjjang Nationalist Katholiek. oetawi Katholiek Nationalisme, ingkang karoemijnaken sanès Nationalismenipoen, nanging Katholicismenipoen, djer poenika padomipoen, ingkang dados panoentoenipoen sampoen ngantos kesasar. Mvr. Atma, jèn koela matoer makaten, boten ateges „jèn wong Katholiek koewi doedoe Nationalist” toelèn lan sampoen nginten jèn Bambang Hercules dédé Nationalist. Babar pisan, boten Mevrouw. Bambang Hercules satoenggaling Nationalist oegi, Nationalist ingkang adedasar Katholiek; ingkang nedyá toemoet labet dateng kabangsan lan tanah woetah rah kita, mawi ngambah margi ingkang boten tjengkah lan „Katholicisme”

Briand oeloek-oeloek soepados pa-

ra Iboe ndidika poetraniipoen ngaosana dateng bangsa sanès; djer pijambakipoen ngertos sapinten bebajipoen Nationalisme ingkang mlangkah nggaris. Doemoegi samanten koela kèngetan oeng-elangelan ing boekoe R. K. Godsdienstleer (jèn koela boten klèntoe Herc.) ingkang wosipoen: „Pisahing bangsa sidji lan sidjiné, ikoe ora kok marga kalet-eletan ing témbok sing gedé banget, nanging kalet-eletan rasa kabangsan.” Wah matis inggih?

Sampoen, samanten roemijin; jèn wonten perloenipoen, panjerat sagah ngladjengaken.

Saluut,

Bambang Hercules.

RÉNA.

(Sambetipoen).

Ah, éman sanget! Sareng ndoeng-kap mangsanipoen asri-asring tetaneman (laré mèh nganting diwasa), mangsanipoen sekar-sekar ngongasaken ganda wida, ingkang mramalabangi mentes moeloering woh, poen djoeroe taman katah ingkang nglirwakaken koewadjaban, boten poeroen ngadoek siti oetawi amboeboet roempoe, malah sok ngeboeki teki (moelang besoes ingkang mangloeng dateng brai). Satemah koedoep lan pentil sami poentes poenter telas kateda ama, lan wohipoen boten wonten ingkang kalap.

Mandar wonten iboe ingkang sampoen boten nggali dateng mantering soekma, nanging dateng soelistyanning raga, djepitining sinting, krebeting bebed, gilaping sepatoe sandal. Mèsempipoen boten kok manawi mirsa poetraniipoen wangsoel saking ngimpoen banda swarga, nanging manawi mirsa wangsoel saking mboedjoeng donja.

Bingah marwata soeta, samangsa mireng kabar: „Kang poetra kaalembara sok tijang!” Sanadjana poenika boten njata lan boten dados mestinipoen. Roemaos sanget lingsem manawi mirsa poetraniipoen kawon sorot mengahing kawibawan tinimbang laré sanèsipoen. Tjekakipoen èstining panggalih lan enering pangadjeng-adjeng sampoen santoen salaga.

Toedjoenipoen déné teka wonten Iboe ingkang karsa moendoet poetra angkat manoengsa. Bangsa loehoer, bangsa asor, darah satrija lan toeroenipoen tjang pidak pendarakan, ti-jang boeroes loeroes, ndoeng wangkal, sadaja kapoendoet poetra. Panggoela-wentahipoen ngoengkoeli sadaja réna. Mila moenggoeh sanget jèn ta kaoermatan saha pinoendi-poendi kados moestikaning Iboe.

Babon momong koetoe namoeng doemoegi kemanggang, tjang ngemong anak doemoegi wangsoelipoen dateng rahmad'oellah. Dèwi Marjah wiwit tjang tinitahaken ngantos salanggengipoen.

Babon boten njandangi toeroen, tjang ingkang temtoe namoeng saged angrenga raga, Iboe Swarga saged ngrerompo raga soekma, djer ingkang poetra Sang Pamarta, temtoe maringi sadaja panjoewoenipoen.

Babon lan tjang sok laboeh momongan, Iboe Angkat oegi, malah tansah. Pandjenenganipoen ndèrèk ingkang Poetra neboes manoengsa, ndèrèk perang tjampoes kalijan éblis sabalanipoen krana oemat sadaja.

Babon njapih koetoe, tjang sok njébrataken anak, Iboe toelèn boten naté, sanadjana poen anak angkat pijambak ingkang nemaha njingkoer pandjenenganipoen. Sang Réna Soetji babar pisan boten badé nimbangi mrengoet, mléngos megat sih, mandar kokok-wangsoelipoen. Oeroebing katresnan sangsaja moebal ngalat-alat kados hinggoeboeban, tangèh sinirepa. Lati koemodoet amèsem, pasaoerjan soemèh soemringah, tingal kalih kotjak-katjik, salira mangoeng, asta moeloeng, koemlawé angawé. Ananging poetra² katah ingkang sami wangkot, wangkal, loemoeh sowan, milaer ngalar nalar nllisip. Éwasamanten, Sang Iboe meksa boten kersa nilar. Pandjenenganipoen sowan ing ngarsanipoen Sang Poetra, Sang Kristoes, perloe njoewoen mantoenipoen poetra nakal kaseboet.

Badé kasambet.

PENGANGGÉNIPOEN LARÉ.

Kagem paningalipoen para goeroe-goeroe ingkang asalipoen saking tanah kedjawan (Vorstenlanden), — saged oegi ingkang saking Djawi tengah inggih mekaten, — menawi priksa penganggènipoen moerid-moerid H.I.S. ing tlatah wétanan badé goemoen. Awit ing tanah kedjawan para moerid ing sekolahan ngriko djaler èstri sami sindjangan. Menawi èstri nganggé rasoeakan kebaja, déné ingkang djaler arasoekan djas oetawi soerdjan (Djokja). Sawenèhing laré-laré djaler ingkang taksih alit-alit wonten ingkang boten bebedan, ananging namoeng menganggé sroewal tjekak kémawon.

Ing tlatah wétanan laré-laré H.I.S. penganggènipoen boten mekaten. Ratjak laré-laré èstri sami nganggé jurk, sawetawis wonten ingkang sepaton, namoeng ingkang katah-katah inggih boten. Ramboetipoen sami dipoenklabang, oetawi namoeng dipoenoré kémawon, mawi dipoen-tangsoeli lint. Malah-malah ingkang boekoengan kados tatananing ramboetipoen njonjah-njonjah saha noni-noni ing djaman mode poenika inggih boten kirang. Déné laré-laré djaler sami nganggé sroewal tjekak, arasoekan djas oetawi kemédjan, wonten oegi ingkang sepaton, namoeng ingkang katah-katah inggih boten.

Menggah djaler èstri ingkang bebedan saha tapihan namoeng dlemok-dlemok kémawon, inggih poenika satoenggaling kalih laré ing pangkat nggiling.

Para maos sampoen nginten manawi koela langkoeng remen dateng penganggènipoen para moerid-moerid ing Djawi tengah, oetawi kirang remen dateng penganggènipoen para moerid-moerid ing Djawi wétan.

O babar pisan boten. Ngriki tjaranipoen menganggé mekaten, inggih soemangga; ngriki makaten tjaranipoen, inggih mangga. Tjjang menganggé mekaten watonipoen trap-sila (zedig). Sanadjan menganggé tjara Djawi jèn boten pantes inggih kedah dipoenèngketan. Mekaten oegi ingkang sami menganggé tjara sinjo oetawi tjara noni, jèn kirang pantes inggih wadji dipoenèngketan. Saja-saja toemrap laré-laré èstri. Ing H.I.S. sapoenika katah kémawon laré-laré èstri ingkang nganggé jurk, ingkang pandjangan mengandap namoeng doemoegi ing sangingiling dengkoel, sarta lengenanipoen tjelak-tjelak; malah-malah ingkang tanpa lengenan babar pisan inggih boten sakedik. Ingkang mekaten poenika poenapa boten tjengkah kalijan ingkang dados preloenipoen tjang nganggé sandangan. Tjjang menganggé mekaten pantjenipoen kedah rapet, tegesipoen sampoen

VAN LITH-STICHTING
SAMPOEN
samestinipoen
jèn
sadaja sadèrèk
DJAWI KATHOLIEK
sami
sesarengan ngadjengaken
jejasan kita
énggal poenika.
Pangrèh V. L. S. p/a Bijz. H. I. S. Magelang.

ngantos katingal katah péranganing badan ingkang kirang prajogi. Wanodya Djawi menawi menganggé dasaripoen sampoen rapet, primpèn; boten preloe ladjeng keloe saha nélad penganggènipoen para wanita kilènan (Europa), ingkang namoeng ladjeng mboedjeng dateng mode, ngantos kesoepeèn, kados-poendi mengah preloenipoen tjang menganggé mekaten.

Soemangga para pamong siswa, koela atoeri ndoenoeng-ndoenoengaken dateng para siswa rini pandjenengan, sampoen ngantos gadah panginten menawi sadaja modèl kilènan poenika ladjeng langkoeng adi oetawi prajogi tinimbang tjaranipoen ing ngriki.

Kjai Djaka T. A.

V A R I A.

BEKSA MODEL ÉNGGAL.

„Gelegenheid voor het volgen van moderne dansen”, Djawinipoen: papan pasinaon djogèd modèl anjar!

Poenapa poenika? Pandjenengan poenapa sampoen naté tindak Ngajogjakarta? Poenapa sampoen naté ngambah margi Stationsweg? Pandjoeng mangalèr dateng Lempoejangan?

Saben dinten koela nglangkoengi margi waoe! Kaprenah sakidoelipoen énggok-énggokan Tjlangap wonten grija, ing ngadjeng mawi tèken „Gelegenheid voor het volgen van moderne dansen.”

Saben-saben koela maos seratan waoe, ladjeng kèngetan kamar bolah Walandi: De Vereeniging, Iss. Ing salebetipoen angen-angen koela soemerep Walandi djaler-èstri sami anggandjret moebeng, pating kle-srèk, pating djilingkrik!

Gandènging gagasan, koela ladjeng kèngetan Soerabaja Iss. Kèngetan: Soerabaja sampoen naté kalampah verpleegster kalijan studen-

SABAB INKANG ANÈH.

Ing serat kabar Bahagia 28 Oktober wonten satoenggiling pambantoe ingkang nerangaken poenapa sababipoen déné samangké saja katah koeli ingkang poeroen medjahi. Sarèhning pepedjah waoe kelampahanipoen boten ngemoengaken ing Soematra, ingkang wonten P. S. (poenale sanctie) nanging oegi ing tanah Djawi, mila poenale sanctie poenika dédé ingkang dados sabab.

Ing ngriki koela njoeplik sekedik saking Bahagia:

Sebagaian besar dari publik mengira mengira yang sebabnya ini keribotan terjadi dari „poenale sanctie”. Akan tetapi penoelis mengira tidak hanya „p.s.” saja yang menjebalkan; „sebab besar” yang tersembunyi orang haroes mengetahui jaitoe menoeroet perasa'an penoelis begini:

Hal timboelnja lagi hoekoem mati itoelah barangkali yang menjebalkan banjak tambahnja pendjahat. Di sini penoelis tidak akan menjangkal adanya hoekoem-mati, sebab memang soedah lajaknja orang memboeoh haroes diboeoehnja.

Akan tetapi orang yang dihoekoem mati itoe, kalau dia tidak mengakoei kesalahannya maka njawa (ziel) orang itoe sesoedahnja linjar dari badan kasarnya, masih dapat mengadakan pembalasan (wraaknemen) yang bisa memboekoelan bahaya besar. Saban orang yang soedah mati, sedang matinja tida dengan samoestinja (natuurlijk) dan dia di dalam hatinja tida socka menerima kematiannya itoe, maka njawanja (ziel-nja) di alam rochewani (di alam astraal) dapat lebih pandai dan heibat memboeat segala kedjahatan boeat mempenoehkan tjita-tjita pembalasan pada hoekoem yang diterimanya.

Dari sebab dialam kealoesan ziel tadi tida dapat direkt memboeat soetoe apa dialam kasar sini, maka dia dengan djalan memboeat pengaroeh (invloed) kepada orang hideop didoenna sini dapat mempoesakan tjita-tjita djahat yang masih dikandoeng didalam hatinja, dan ini perboeatan bisa teroes berpoeloeh-poeloeh tahoen lamanja sampai tjita-tjita djahat tadi habis, sebab didalam sana tida ada hakim yang dapat memoetoes segala delicten yang dapatnja dari alam kasar.

Maka itoelah menoeroet pemandangan penoelis yang bisa menjadi sebabnja bertambah banjaknja pendjahat.

Dados manoeet pambantoe Bahagia: milanipoen katah koeli memedjahi poenika amargi ingkang sampoen dipoenoeoem gantoeng tiada mengakoei salahnja (bokmanawi kadjengipoen: tanpa loepoet, awit ora ngakoe loepoet poenika saged oegi lepat, nanging boten ngaken) soekmanipoen ladjeng males sarana ngwontenaken toemoes (invloed) awon.

Panginten kados makaten poenika ten Nias inggih ndjogèd oebeng-oebengan makaten poenika! Kèngetan: prijantoen ing pasisir Lèr manawi samoewan asring nganggèkaken djogèd modern! Kèngetan: studenten bangsa Indonèsia katah ingkang seneng ndjogèd rangkoel-rangkoelan! Kèngetan: grija ing Stationsweg ingkang koela atoeraken waoe, kerep kalebetan nénéman Djawi (kilap perloenipoen, poenapa namoeng dolan, poenapa pantjen megoeroel)

Golonging gagasan koela: mangertos moderne kunst saking djagad Kilèn waoe, mlebet wonten djagad Wétan.

Boten namoeng Indonesièr djaler kémawon ingkang kajoengjoen djogèd modern! Kenjanipoen Indonesia inggih wonten ingkang karem!

Pandjenengan rak inggih sampoen naté mireng „Isteri” orgaanipoen P.P.I. ta? Ing ngriko sampoen naté wonten prijantoen poetri anggadhahi pamanggih: accord kalijan moderne dans pabrikana Éropah. Ngantepi: ora ana alané tjah wadon dansah karo wong lanang. Wong lanang pada tajeoban! Généja akoe wong-wong wadon kok ora olèh tajeob tjara Koelon! Begdja déné pamanggih makaten waoe wonten ingkang mabenil!

Hem, djaman sapoenika poenika ta nèh! Poenapa boten kèngetan inggih jèn koeli kita poenika nembaga, koelitipoen bangsa Kilèn petak! Lo, déné sadaja² ingkang saking Kilèn kok sami dipoenkilak! Poenapa oeger sampoen pabrikana Éropah poenika mesti saé? mesti matoek katoemrapaken wonten Wétan?? Njatanipoen ding, manawi boten makaten mindak boten angsal titel „botjah djaman saiki.”

Botjah djaman saiki! O, poenapa boten sami kèngetan jèn badanipoen anggadhahi tatanggalan awrat toemrap kamadjenganing bangsanipoen!

Botjah djaman saiki! O, poenapa boten sami kèngetan manawi toemrap sawenèhing prakawis-prakawis, bangsa ngriki kedah ngekahi: „East is East, West is West, and never the twain shall meet.”-„Wétan: wétan! Koelon ja koelon!, sakaro-karoné ora bisa gatoek.”

Botjah djaman saiki! Katah kémawon ingkang patrapipoen angendakaken sedyaning tjang sepoeh njakolahaken anakipoen èstri.

Mesakaken!!!

genah klintoe. Mangga ta dipoen-galih: oepami koeli satoenggaling dipoen-gantoeng tanpa lepat, ladjeng soekmanipoen boten trimah, woe-sana nedyá males alantaran koeli sanès ingkang taksih gesang. Pinten ingkang dipoenwales lan sinten? Kados pamanggihipoen pambantoe Bahagia: „Katah, inggih poenika mengsahipoen bangsa koeli; katah, tandanipoen sapoenika saja katah pepedjah.”

Kawoeningana: roemijin ing witanipoen Agama Katholiek wonten ing Roem, maèwoe-èwoe tjang Katholiek ingkang dipoenpedjahi tanpa lepat, makaten oegi ing Djepang inggih éwon tjang Katholiek ingkang dipoenpedjahi inggih tanpa lepat.

Manoet pamawasipoen pambantoe Bahagia, koeli satoenggaling (sakedik tjatjahipoen) toemoesipoen (invloed) ageng. Kénging poenapa sasampoenipoen tjang Katholiek maèwoe-èwoe dipoenpedjahi tanpa lepat (ing Roem lan Djepang) boten ngwontenaken toemoes (invloed) awon? Pantjenipoen jèn tjara pambantoe Bahagia tjang maèwoe-èwoe anggenipoen males inggih alantaran tjang majoeta-joeta. Lo kanjataanipoen teka boten. Bakda tjang Katholiek sami dipoenpedjahi tanpa lepat boten wonten tjang Katholiek ingkang medjahi margi kénging toemoesipoen ingkang sampoen sami pedjah waoe.

Toenggilipoen: bangsa Indiaan, bangsa Australia pinten-pinten èwoe dipoenpedjahi ing bangsa Amerika lan Inggris tanpa lepat, djeboel soekmanipoen boten sami males, tandanipoen ing Amerika oetawi Australia mengsahipoen bangsa Indiaan oetawi Australia boten sami kapedjahan. Tanda jèn soekmanipoen ingkang sampoen dipoenpedjahi tanpa lepat waoe, boten males lan boten ngwontenaken (invloed) awon.

Jèn makatena sabab ingkang dipoen-tjrijosaken déning pambantoe Bahagia poenika boten njata sarta koela wastani anèh, moeng golèk-golèk baé. Langkoeng prajogi madosi sababipoen wonten pepedjah waoe: wetenschappelijk (ingkang pinanggih ing nalar).

D.

Para tjang sepoeh! Ingkang kekah anggènipoen ngendalèni ingkang poetra, sampoen ngantos kédanan tjara Kilèn ingkang pantjen boten pantes! Ingkang saged anggènipoen ngasta para poetra, sampoen ngantos kalebetan wisaning djaman madjeng!

**

Sinten kémawon ingkang kraos kataman atoer koela, koela atoeri roemaos, ladjeng mantoeni!

Pakné Hèrlangga.

PAKNÉ-KONTRA BOKNÉ.

Bokné bajèk. Bijoe-hijoe pakné bajèk kowé, jèn wis matja koran olèhé bandjoer lali ing gawé.

Pakné bajèk. Lo, koewi jèn wong wadon isih kembenan, klambi lan tapih loerik, toer geloeng tekoek. Taktotoeri, ja, bijang bajèk. Matja koran koewi akèh goenané. Sing tjeta ngoehdakaké sesoeroepan, ngandelaké ati, apesé weroeh djaman saiki, keprijé kaanané. Moelané, jèn ana wong matja koewi, adja bandjoer prengat-prengat ngono. Malah jèn enggonmoen njamboet gawé wis rampoeng, Sw. Tm. iki watjanen, awit ana sawatara tonan iki, akèh karangané sadoeloer wanita.

Bb. Ja, koewi nèk pakné bajèk, diarana andjamboeoberik (ngétjé-étjé) ora gelem. Wis ngerti bodjone isih geloeng tekoek, atik dikon matja koran. Ngerti oeniné, lah tegesé rak ketjètjèran kabèh. Woewoeh-woewoeh sing ana tetemoengané plitik barang koewi. Kedjaba, ta, jèn sing pada ngagem kotang aselap djlinggring, toer sing wis sesilih asma Poetri-Indonèsia, mesti baet.

Pb. Hoetlah! Tjetèk gagasanmoen. Bandjoer sédjé remboeg arané.

Bb Lo, ja, ora ngono ta pakné! Saka panimbangkoe, wong wadon mono ora preloe montjol-montjol perkara sing néka-néka, kang pada dadi remboeg koewi, awit kanggoné Agama Katholiek, dedasaré wong omah-omah wis ana déwé. Oepama ndjalok merdikané wong omah-omah; apa ing dalem Kath. wong wadon koerang merdika. Andjalok wong wadon pada lan wong lanang. Lah, iki manoet djedjodan Kth. arané njoelajani. Kowé rak isih éling, ta, woelaning Rama bijèng kaé. Wong lanang minangka ratoe, wong wadon patihé.

Badé kasambet.

Grija sakit kadarmakaken.

Dèrèng dangoe ing serat-serat kabar Katholik basa Inggris toewin Prasman, ngewrat advertentie:

Sanalika kémawon kalijeraken kanti lelahanan, grija sakit saé, karaktik tjara modern, isi patileman 80, pirantos-pirantos toewin djampi-djampi saking Éropah pepak, pirantos-pirantos kanggé ambedèl. Kedjawi poenika grija-sakit kanggé ti-jang gadah anak, isi patileman 25, kalijan sakolahan kanggé vroed-vrouw; kadjawi poenika: grija kanggé moerid-moerid lan goeroe-goeroenipoen. Jajasan poenika soeboer sanget, saged anjekapi betahipoen. Sinten kémawon ingkang poeroen dipoendarmani hospitaal waoe katoeran ladjeng tepang rembag kakalijan Pastoer Coquard ing Abéokota, Nigeria, Afrika-Kilèn.

Advertentie ing nginggil poenika boten goegoenon, lan boten kok nama pokil ngoepados arta. Advertentie poenika njata saétoe. Menggah sababipoen makaten: Pater Coquard poenika ingkang jasa hospitaal waoe. Anggènipoen njamboet-damel wonten missie ngrikoe sampoen 40 taoen, tanpa liboeran, tanpa mawi perlop, tanpa ngaso. Sapoenika pandjenenganipoen sampoen lojo sanget ladjeng kapeksa kondoer dateng Frankrijk. Joeswanipoen sampoen 70 taoen. Margi *kikirangan Imam*, missie boten saged maringi Imam wonten ngrikoe anggentosi pandjenenganipoen, Margi makaten waoe, pandjenenganipoen ngowatosaken sanget, mangké manawi ngantos doemawah wonten astanipoen Nagari, boten sandé mesti dipoendadosaken hospitaal nétral. Mangka djiwa Kath. ing Missie ngrikoe sampoen wonten 30.000. Mila soepados sampoen ngantos doemawah wonten astanipoen Paréntah, pandjenenganipoen kanti legawaning panggalih andarmakaken grija sakit waoe dateng dokter Kath. oetawi jajasan Kath. ingkang ambijantoe kasarasan kanggé tanah Missie.

Pastoer Coquard poenika margi agenging lalabetanipoen wonten tanah djadjahan, dèrèng dangoe kaparingan bintang loehoer déning Paréntah Inggris. Pandjenenganipoen kalebet warganing Serikat-Missie-Afrika, ing Lyon.

Missie ing Konggo-Belgi.

Djembaripoen tanah Konggo bahwah Bèlgi poenika tikel 73 katimbang Bèlgi. Djiwanipoen 15 mlijoen; bangsa Éropaa wonten 20.000 langkoeng, ingkang 14.000 bangsa Bèlgi.

Kala taoen 1927 tjtjahing tijang Kath. sampoen 552.000, lan tjtjahing magangan Kath. kirang-langkoeng inggih samanten. Tjtjahing ngoelama: Imam, Broeders, Zusters, 1375. Kedjawi poenika wonten goeroe Agama lan goeroe limrah 12.240. Tjtjahing Imam Priboemi: 14, Zuster Priboemi wonten: 41; tjtjahing moerid-moerid ing pamoeulangan Katholik wonten 164.000.

Kala tanggal 17 Djoeli Missie ing ngrikoe wiwit dipoenwonteni wawakil dalem Ingkang Sinoewonten Kangdjeng S. Santo Rama. Déné ingkang winisoeda dados wawakil dalem waoe: pandjenenganipoen Maha-Biskop J. Delle Piane.

Seminarie basanipoen 12.

Pasamoewan Soetji anggènipoen ngadani seminarie kanggé tjalon Imam Priboemi ing Afrika pantjèn boten gampang. Prekawis poenika kaboekti déné seminarie ing Neyenha (Oeganda) moeridipoen wonten satoes asal saking bangsa sawelas warni. Dados ladjeng kedah omongan mawi bangsa sawelas warni taksih wewah malih basa Inggris. lss. **Maha-Biskop Corforti kalijan panganggéning wanita.**

Maha Biskop mgr. Conforti ing Parma, ingkang oegi djoemeneng sesepoehing Pakempalan S. Tranc. Haverins toemrap missie sadjawining nagari naté ngandika „akoe woes soewé anggonkoe matitisaké panganggéning wong wadon ing Mesir, Hindoe, Hindoe-Tjina, republik Tjina, apadéné Mantsoerié, lan bandoer ngakoni jèn loewih soesila tinimbang panganggé bangsa Éropah.”

R. K. Fröbelschool.

Sakolahan Fröbelschool jasanipoen padoeka Pastoer Millsen ing Cheribon, sanadyan dipoenalang-alangi gemeente, sapoenika sampoen katingali wiwit soeboer. Pamoeulangan poenika bikakipoen-kala 1 Djoeli,

moeridipoen kala samanten namoeng 4. sapoenika dados 15.

Katjepeng wonten tanganipoen bégal Tionghoa.

Ing wates Kuangting kalijan Ptukien (Tionghok), dèrèng dangoe poenika tansah kambah bantjana, tansah kambah resesah doerdjana kominis ingkang dipoenpangangengi Tsu en Mo. Brandal waoe nempoeh kita Shanghang, sarta mikoet ngoelama poetranoen S. Dominikoos, katahipoen tigawelas. Ngoelama tigawelas waoe wonten pitoe ingkang dipoenloewari, nanging ingkang sakawan kapeksa loemebet ing grija sakit, déning nandang tatoe. Déné ngoelama sanèsipoen (kapétang wonten Zusteripoen tiga), taksih dipoentawan. Manawi badé ngloewari kedah mawi arta teboesan 10.000 straitsdollar.

Gendéra mawi gambar Tyas Dalem.

Ing Frankrijk, katah sanget parochi-parochi poenapadéné pakempalan-pakempalan Katholik migoenakaken gendéra kabangsan Parangakik mawi dipoensoekani gambar Tyas Dalem. Kawontenan makaten poenika andadosaken boten senengipoen para ingkang sengit oetawi boten seneng kalijan Agama Kath. Menawi wonten salebeting Grédja, golongan Kath. migoenakaken gendéra makaten poenika, tetijang mengshipoen Kath. boten saged ngalang-alangi oetawi tjawé-tjawé. Nanging manawi wonten wiwahan mawi arak-arakan, tijang Kath. boten mesti saged nganggé gendéra makaten waoe; wontenipoen namoeng goematoeng dateng poelisi oetawi pangrèh ing ngrikoe.

Nanging, lekas ingkang makaten poenika terang sanget jèn boten adil! Awit manawi tijang kominis l. s. s. kénging kémawon mawi gendéra Frankrijk kawewahan gambar minangka tetenger anggènipoen mérah!

Tijang Katholik ing Rijsel toewan Théry sampoen ngalami kagoegataken déning burgermeester socialist Salengro ingkang oegi dados warganing Kamer, margi nganggé gendéra mawi gambar Tyas Dalem. Toewan Théry dipoendenda; nanging boten poeroen ambajar. Ngantos salebetipoen gangsal welas woelan sabèn-sabèn tansah pikantoe se-regan anghit arta dandan waoe. Nanging, Théry poegoeh boten poeroen! Gregeten, dipoendatengi Deurwaarder, nanging boten angsal mlebet! Deurwaarder waoe toemoenten neda pitoeloenganipoen poelisi, ngantos kelampah saged mlebet ing grijanipoen Théry mendeti bekakas-bekakas grija dipoenosoeng wani kémawon dateng grija lélangan; kasadé wonten ngrikoe, sageda pikantoe arta kanggé dandanipoen Théry.

Tindakipoen burgemeester waoe dados tjtjadan, dipoenaeman-oeman tijang katah. Malah patrapipoen deurwaarder, ladjeng kadamel film.

Kangdjeng Kardinaal Dubois.

Kangdjeng Kardinaal Dubois poenika prajagoenging Pasamoewan Soetji ingkang kalebet misoewoer. Kadjawi djoemeneng Kardinaal, pandjenenganipoen oegi djoemeneng Maha Biskop ing Paris (Parangakik) K. K. Dubois, sédanipoen kala tg. 23 Sèptèmber kapengker poenika. Mangka tg. 7 October ngrelesi sèket taoenan djoemeneng imam, sarta badé pinéngetan ageng-agengan.

Tanah Frankrijk kétéjalan pandjenenganipoen, sasat kétéjalan daja ageng sanget. Nalika séda, sadaja serat-kabar sami ngalahiraken bélasoengkawa, sami ambabad, sarta sami ngalembana lalabetan dalem ngageng pinten-pinten kolom. Namoe wonten koran satoenggal ingkang saking sengitipoen dateng Pasamoewan Soetji namoeng mligi ngabaraken séda dalem tanpa pangalembana oetawi mèngeti lalabetan dalem.

Pandjenenganipoen namoeng asli andap. Soewaoe anakipoen pandé ing Saint Calsais.

Kangdjeng Kardinal Dubois sanget misoewoer anggènipoen ane-tepi wadjibing Imam, lan inggih anggènipoen pinter sanget angembat politik, kadosta: anggadhahi daja ageng sanget toemrap wangsoeling roekoenipoen nagari Parangakik kalijan Roem, lss. Serat kabar golongan kiwa ngantos wonten ingkang moengel: „Pasamoewan Soetji koewi pabrik gedé, pabrik wong-wong wasis!”

KABAR OEMOEM INDONESIA.

Dipoensendjata, margi Assistent onderneming toewan Tatalepta ing onderneming Telog-sarie Malang, kiling wonten kebonipoen! Toewan soemerep wonten

tijang priboemi wonten ngandap wit kopi, mendet kopi ingkang dahwah wonten siti. Priboemi soemerep ndara toewan, ladjeng loemadjeng! ndara toewan ambengoki kapoerih

kèndel, nanging poen priboemi teroes ambandang kémawon! Sapoenika ndara toewan kados-poendi? Sendjatanipoen dipoentjeng, poen priboemi dipoensendjata! Gigeripoen tatoe, kraos sakit, nanging teroes mladjeng koewatos jèn katjeng! Poen priboemi (pak Boersidin) ambroek wonten doesoer Droedjoe, tatoe lebet, . . . kaeopakara dateng grija sakit Malang! (Nwe Soer. Cr.) O, poenapa ndara toewan waoe boten saged mbobot reginipoen kopi kalijan njawanipoen tijang, inggih??

Masrahaken sakolahan andap.

Wonten sedy, provincie Djawi Kilèn tjalon kapasrahan sakolahan-sakolahan andap kanggé laré-laré Priboemi. Mangka salebetipoen wewengkon provincie Djawi Kilèn, tjtjahing sakolahan angka kalih kémawon 484, sakolahan doesoer 2202. Manawi sedy waoe kaleksanan, provincie Djawi Kilèn badé wewah katah padamelanipoen, lan inggih ngedalaken arta katah!

Tèh wedalan tijang siti.

Bat. Nieuwsbl. njarijosaken, margi reginipoen tèh wedalan tijang siti reginipoen mlorot sanget, kawartosaken bilih Paréntah nedy a te-toeloeng. Para landbouwconsulent ing Prijangan sami kadawoehan angrigenaken tjaranipoen metik tèh.

Actie ing Palémbang.

Ing ngrika mentas wonten serat sebaran, basanipoen soeraos angodjok-odjoki, sarta mrajogékaken soepados tetijang dados warga P.N.I. Ingkang ngedalaken serat sebaran dipoentjeng, serat sebaran karampas.

Poetra dalem ingkang dateng Nederland.

Manoet Soer. Hbl. poetra dalem I. S. K. Soeltan Ngajoyakarta kekali, ingkang wonten Sw. T. kawatrosaken sinaoe dateng Nederland, poenika samangké taksih wonten H.B.S. Tindakipoen dateng Nederland mbéndjing tanggal 5 Maart 1930.

Moesawaratan kalijan Residèn.

Ingkang Witjaksana Goepoeror Djéndral njowak moesawaratan — (conferentie) taoenan kalijan residèn ing tanah Djawi toewin Madoera, margi kapenggalih para residèn waoe sampoen saged sambet kalijan para Goepoeror. Ingkang tjalon taksih katindakaken, moesawaratan kalijan residèn sadjawining tanah Djawi toewin Madoera:

Nglaboeh.

Tanggal kaping kalih November poenika ngleresi dinten tingalan djoemenengan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan, ing kadaton toewin sitinggil wonten pasowanane ngepang adjad dalem. Sabakdanipoen pasowanane para panèwoe mantri rèh gedong tengen lss. kaetoes nglaboeh dateng redi Lawoe, redi Merapi toewin saganten Kidoel.

Peken malem Soerabaja.

Saking Radio X Srbj, ddo. 21-10-'29, redactie tapi soembangan kawontenanipoen peken malem Soerabaja. Verslag waoe pandjang sanget, ringkesanipoen kados ing ngandap poenika:

Tetingalan: ketoprak, ringgit tijang, pentjak lss. Wonten ketèk alit saged nglampahaken montor alit-alitan ingkang oegi loemampah sarana lisah bènsin; l.s.s.

Sport: Walandi gandoelan mawi soekoe kalih wonten panggénan ingkang inggilipoen boten kirang saking 50 m. Njonjah noempak pit-montor wonten koeroengan ageng, rikating lampah: 40 — 50 k. m. saedjam; lss.

Barang tenoenan saking poendi-poendi Departement Landbouws afd. Nijverheid mitontonaken pirantos damel badé (bakal). Badé waoe ingkang kadamel lawé oetawi benang.

Barang dadamelan: wedalan sakolahan-sakolahan angka kalih, H. I.S., Mulo, lss.

Barang songkétan: Peken malem ngrikoe wonten goetekan R.V.V. séwanipoen Walandi Katholik mitontonaken barang songkétan wedalan wihara-wihara poenapadéné Melania. Kedjawi poenika oegi mitontonaken barang nam-naman.

Concurs krontjong kanggé wanita; ingkang nomer satoenggal: Aèr Laoet Solo; ladjeng: Minahasclub, lss.

Techniek: Éntan-éntan bliksem-trein ingkang tjalon mlampah Betawi—Soerabaja sadinten. Wonten éntan-éntan waoe loemampah sarana electrisch: Betawi—Kroja, Bandoeng—Kroja, Soerabaja—Kroja. Ing peken malem waoe kapasangan radio.

Reclame: Ing peken malem ngrikoe wonten reclame montor bis ageng sanget; lss.

Tjekak, kerowanen manawi katoeraken sadajal! Sadèrèk X. Radio wantos-wantos welingipoen soepados para kadang Katholik anggemèni wedaling artanipoen, sampoen ngantos doepèh

Para maos! Sedyaning karangan koela ing ngandap poenika babar pisan boten nedy a ambangoes panggalih pandjenengan! Babar pisan boten nedy a angongkat-oengkat kremi!

Patjar Mérah namoeng loegoe ngatoeraken kawontenan ingkang mila kalampahan!

Wonten *Djokjasche Dagblad* 22 October, koela maos „Kidoeng Indo” mawi lagoe „Neerlands volkslied” karanganipoen Indo W. I. N. I. Kidoeng waoe, saé sanget! Kidoeng waoe, loehoer saéstoel! Mangga, dipoenwaspaosaken!

Indo lied.

(Wijze Neerlandsvolkslied.)

Wij willen Indie hounen,
Ons Indie groot en rein,
Wij blijven 't hou en trouwe,
Wat ook zijn lot moog zijn.
En wie ons denkt te dreigen,
En denkt te nemen ooit,
Hij zal dit Land niet krijgen,
Wij geven Indie nooit (bis).

Sanadyan kaja ngapa baé dadiné, tanahkoe Indija sing agoeng lan soetji, bakal dakkoeoehi, daklaboehi, dakbélan! Sapa koemawani ngajoni akoe, andjalok Tanah iki, ora kalakon bisa éntoek! Awit, ora pisan-pisan akoe gelem ngoeloengaké Indija.

En vast van onze zijde,
Zal Neerlands Leeuw daar staan,
Die zal 't nimmer lijden,
Dat Indië zal vergaan.
Zoolang de Leeuw zal dragen,
Zijn zwaard en zijn kroon,
Zoo lang zal hij met ons schragen,
Ons Indie en onze Troon. (bis).

Toemraping akoe woes tetep: Singaning Nederland bakal (ngreganj-tjang) ana kana (ngrenggani Indija). Léjoning Nederland ora pisan-pisan nandang sangsara déning sirnané tanah Indija. Angger Sang Singabarong isih ngliga pedang ngango makoeta, ija isih bakal mitoeloengi (ambé-lani) akoe, tanah Indija, lan Damparing-karadjankoe.

Ons Indie zal niet vallen,
Zal nimmer en nooit vergaan,
De Leeuw staat met ons allen,
Zal met ons blijven staan.
Ons recht en onze kroon,
Tot in den dood getrouwe,
Onze Vlag en onze Troon. (bis).

Tanahkoe Indija ora bakal mroetjoet saka tangankoe; ora bakal han-tjoer! Djer sang Singabarong tansah sabaja pati karo akoe. Akoe mesti ngoekoehi tanahkoe Indija, wewenang apadéné makoetakoe. Satekaning patikoe, akoe tansah ambélani Bandéra lan Damparing karatonkoe!

* *

Makaten sadèrèk, oengeling kidoeng waoe! Déné soeraosipoen kirang langkoeng inggih kados ingkang koela atoeraken ing nginggil! Poenapa kidoeng makaten poenika boten pantes jèn angsala sese-boetan loehoer?? Gandem, inggih??

Indonesiër sinten ingkang badé soedok djiwa: toemoet ngidoeng kidoengan Indo W. I. N. I. ing *Djokjasche Dagblad* waoe?? O, toedjoenipoen boten sadaja Indo, boten sadaja Walandi sami ngidoeng kados makaten!

Kumuningsaselé 27 October.

Taklim:

Patjar Mérah.

gadaha arta kanggé neningali kéma-won ladjeng ngoedja kapéngining manah ningali tetinggalan.

Gandèng kalijan gangsal taoenipoen P. P. K. D.

Gandèng kalijan péngetan gangsal taoenipoen P.P.K.D. mbéndjing Februari 1930, sadèrèk *Radio X* ing Soerabaja, wonten ing verslag peken malem Srbj, kaseboet nginggil, njerat makaten:

„Kanggé ngirid waragadipoen pangrèh oetawi warganipoen P. P. K. D. ingkang tebih saking Ngajogjakarta ingkang badé toemoet anengani lustrumfeest waoe, kaparenga komité anghitjaraken sagedipoen pikantoe soedan manawi noempak S.S., N.I.S., lss.”

Karèt saking Indonesia.

Manoet pratélanipoen kantor statistiek, salebetipoen woelan September ingkang kapengker poenika goenggoengipoen pamedal karèt ingkang kakitoenaken medal; saking tanah Djawi lan Madoera 4784 ton, saking tanah sabrang 17950 ton. Kala September taoen kapengker: saking tanah Djawi kalijan Madoera: 5036 ton, kintoenan saking sabrang: 16667 ton.

Arta kertas palsoe.

Sapoenika wonten arta kertas palsoe. Titikan: nganggé serie A. A. angka 241417, wawarnènipoen silih ngadjeng kalijan wingking katingal poetjef.

Meester mandoeng ajam.

Pewarta Delingabaraken residentiegerecht ing Fort de Kock mriksa prakawisipoen Mr. B. goeroe ing Fort de Kock. Meester waoe kala 15 April 1929 njepeng ajaming tangga ingkang sesaba wonten pakaranganipoen, tjtjahipoen ngantos sanga. Ajam sanga waoe dipoen koeroengi ngantos 2 minggu, ladjeng kapragat kaanggé sop ingkang sekawan.

Mr. B. boten moekir boten barang, ngaken teroes kémawon: ingkang kapoerih njepeng kebonipoen. Poen koki malah pikantoe presèn sèket sèn margi poeroen kapoerih damel sop ajam waoe, toer raosipoen étja. Déné ingkang gadah ajam velpolitie. Hulpoeficier ladjeng damel wawasan, sarta netepaken Mr. B. njolong

pitik, kadenda: f 60,— oetawi oekoeman 25 dinten. Pasakitan damel patoeran (pleidooi) dangoenipoen ngantos 15 menit. Pijambakipoen amestani badanipoen poenika boten lepat. Anggènipoen gadah patrap makaten, margi namoeng kanggé ngadjar tangga ingkang gadah ajam waoe, soepados sampoen sakadjeng-kadjengipoen anggènipoen ngetjoelaken ajam ngantos damel kapitoe-nan oetawi ngrisak-ngrisakaken gadahaning sanès, kadosdéné pakebonan, lss. Margi makaten waoe, Mr. B. neda soepados boten kaekoem, oetawi kadenda. (Badéja éstoe dipoenokoem, badéja boten, nanging tandoek ingkang makaten poenika tetep ngéwak-éwakaken! Poenapa meesteripoen kanggé nindakaken patrap makaten poenika?

Apa dikon ngingoe pangon pitik??

Tradjangipoen Studieclub.

Katjarijos, Studieclub Soerabaja badé nandang damel Volkslectuur, ngarang boekoe-boekoe, meral lan sanès-sanèsipoen.

Tanpa tepa!!

Ing onderneming Boekit Maradja wonten koeli kontrak tijang èstri dipoenkaniaja mandoripoen margi datengipoen kasèb. Tijang èstri waoe katandang mawi sepatoe kénging walikatipoen, ngantos moethah rah. Sampoen mesti kémawon mandoripoen mlebet koendjara, koelinipoen kaeopakara wonten grija sakit.

Betawi-Soerabaja sadinten.

Wiwit tanggal 1 November poenika, sepoer ingkang mlampah Betawi-Soerabaja namoeng sadinten, wiwit mlampah. Rikatipoen bliksem-trein poenika badé ngoengkoeli sepoer expres toewin sneiltrein. Soepados angsal papan, ingkang badé noempak salebetipoen 24 djam sadèrèngipoen spoor bidal, kedah apratéla dateng stationchef.

Serat-serat kabar ingkang ambebajani.

Tjarijosipoen *Het Nieuws*, Nagari kagoengan karsa badé ngawisi wedalipoen serat kabar *Banteng Priangan* gadahanipoen P. N. I. kalijan *Banteng Rajat* gadahanipoen P. S. I. ingkang sami medal wonten Priangan margi kagalih sanget ambebajani.

SOEMANGGA
SAMI
NGA BARNA
ING
SWARA TAMA

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }
Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT
Djokja DJOKJA
Malioboro „RATHKAMP” MALIOBORO
Djokja „RATHKAMP” DJOKJA
Djangan terima barang jang barangkali koerang baik.

**DARI SEBOETTAN
DJADI REBOETAN**
DALAM 3 BOELAN
TELAH DIDJOEAL
LEBIH DARI
55.000
VOLKSALMANAK 1930
BALAI POESTAKA
Akan tetapi masih ada.
Bahasa DJAWA, MELAJOE, SOENDA.

M. v. BIENE.
Toekang herlodji
dan Toekang emas.
Adres jang
moerah
DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

TOKO BARANG-BARANG.
H. SPIEGEL - DJOKJA.
BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:
kami ada sedia:
roepa-roepa dolanan bagi anak-anak
moelaï harga 15 cent sampai f 40.
OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,
kami ada sedia:
matjem-matjem barang boeat geschenk;
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom
Sekolahan-sekolahan dan perhimpoean-perhimpoean,
bisa terima potongan harga.

ING KANTOR SWARA-TAMA
dipoensediani gambaripoen
I. S. Kangdjeng Santo Rama Pius XI
Gambar ageng 90 c.M. - 70 c.M. regi f 2,50.
Gambar alit 35 c.M. - 25 c.M. regi f 0,25.
Gambar alit 10 c.M. - 7 c.M. regi f 0,02.
MANGGA MOENDOET!!!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang 7.	Pemalang 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30	(tjina).	Sambas 6 - 8.30	Tegal 2) 7.30 - 9.30.
Djokja:	Medari 7.30	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Meester Corn. 7 - 9.	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap 3) 7.30.
Jav. 6 - 8.	Mendoet 6 - 7.30	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30	Modjokerto 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang 1) 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Semarang: 7 - 9.	Wates 7) 7.
Fort de Kock 7.30	Muntok 8.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran 2) 7.	Ngawi 7) 7.30	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong 3) 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4) 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo 8) 7.30.
Kediri 7.30	Pajakoembo 7.30	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30	Palembang 7 - 9.	Soekaboemi 6 - 7.30	
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean 1) 7.30		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap 2 doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

MANTJA NEGARI.
NEDERLAN. Pangarsa Tweede Kamer. Mr. J. R. H. van Schaik èstoe dados pangarsaning Tweede Kamer.
Mr. Jozephus Robertus Hendricus van Schaik poenika mijosipoen wonten Breda kala 31 Djanoewari 1882. Pandjenenganipoen sinaoe wonten gymnasium ing 's Hertogenbosch, sarta neroesaken sinaoe ngèlmoe hoekoem wonten universiteit-nagari ing Utrecht. Tamat saking ngrikoe dados advocaat lan procureur.
Wiwit 20 Februari 1917 mr. van Schaik dados warga Tweede Kamer sarta katingal limpad toewin madjeng ing prakawis warni-warni. Langkoeng-langkoeng babagan pradata, sanget dados panggalihanipoen. Sanadyan babagan sociaal inggih katah ingkang kasoemantakaken datang mr. van Schaik. Lelabetanipoen ingkang ageng i. p. angènipoen ing nagari Walandi ladjeng wonten pranatan-nagari toemrap collectieve arbeidsovereenkomst, lss. Kadjawi ing nganggil, mr. van Schaik dados pangarsaning Centraal College voor de Reclasseering, Algemeene Raad voor Psychopathenzorg, pangarsaning bedrijfsvereniging kanggé anindakaken Land- en Tuinbouwongevallenwet gadahanipoen R. K. Boeren lan Tuindersbond. Sawatawis taoen kapengker, lelabetanipoen mr. van Schaik dipoenaoasi déning Nagari sarana kaparingan bintang in de Orde van Nederlandsche Leeuw.
DJERMAN. Ngersikaken tanah Rijnland. Manoet pradjangdjan ing Versailles tanah Djerman ingkang dipoenebroki wadyabala Inggris, Belgi, lss, i. p. tanah saeroetipoen lèpèn Rijn wewah tanah Saargebied.

Tanah poenika kènging kagolong dados tigang golongan: I Sisih nginggil: (wonten kitanipoen Keulen); II sisih Tengah (wonten kitanipoen Aken, Coblenz); III sisih Ngandap (wonten kitanipoen: Wiesbaden, Frankfort, Worms, Trier).
Prakawis ing nginggil poenika ingkang andjalari wontening rembag Rijnland - ontruiming, oetawi rembag ingkang ngangkah soemingkiring wadyabala ngamantja saking nagari Djerman ing djadjahanipoen lèpèn Rijn.
Toemrap golongan I, sampoen saged djontas kala tanggal 10 Djanoewari 1926.
Toemrap pérangan /nomer kalih ingkang dipoenbroki wadya Inggris kalijan Belgi, margi dajaning conferentie ing Den Haag nembé poenika, wiwit tanggal 14 September sampoen dipoenajati, sarta badé katingalaken kalijan rikati.
Toemrap soemingkiring wadya mantja saking golongan nomer III poenika goemantoeng wonten poetoening rembagipoen Djerman kalijan Frankrijk (Young plan), ingkang dipoenwatesi kasèp-kasèpipoen doemoegi tanggal 30 Djoeni.
Déné Saargebied ingkang leresipoen dados darbèking Volkenbond doemoegi taoen 1935, sapoenika sampoen dados rembag badé kawangsoelaken toemoenten dateng Djerman.
Arta énggal. Minangka pangèngget-èngget dateng Stresemann sawoeng Djerman ingkang nembé poenika tilar donja, nagari Djerman badé angedalaken arta énggal, pengaos tiga kalijan gangsal mark. Loemahing arta ingkang sasisih mawi gambaripoen tijang agoeng waoe, sineratan: „Abdining Katentreman lan Tanah kalahiran”. Loemah ing-

kang sasisihipoe dipoen - gambari pasemon loewaripoen tanah Rijn; sineratan angka 1929 kalijan 1930.
Monopoli rèk. Nagari Djerman damel pradjangdjan leening (samboetan) kalijan pabrik-pabrik rèk ing Zweden. Pabrik rèk Zweden njoekani arta voorschot roemijin 125 mljoean dollar mawi anakan 6%, ladjeng Zweden pikantoeke monopoli wonten Djerman. Tegesipoen rèk sanèsipoen wedalan Zweden kalijan Djerman boten kènging kasadé wonten Djerman. Djerman angènipoen njamboet arta poenika tjalon katandjakaken kanggé njoeda paos. Pradjangdjan waoe kanggé salebetipoen: apes 32 taoen, dangoe-dangoenipoen 50 taoen goemantoeng sahing samboetan. Ing Djerman poenika katah sanget rèk saking Roeslan kasadé kalajan mirah sanget, andjalari kasangsajanipoen pabrik-pabrik rèk Djerman kalijan Zweden ingkang saprika-sapriki tansah roeroekoenan. Margi wontening pradjangdjan waoe, regining rèk ing Djerman sabèn sadasa tjalon kaindakaken sabénggol. Panganggepipoen Roeslan: lekasipoen Djerman damel monopoli kalijan Zweden poenika tindak sesatron. Dados wontening monopoli waoe, ingkang sanget kapitoenan nagari Roeslan.
PARANGAKIK. Kabinèt djoegar. Kabinèt-Briand kala 22 October djoegar. Djoegaripoen poenika gagoetan kalijan politik sadjawining nagari: rembag Rijnland ing Djerman. Ingkang tjalon tinoeding ambangoen kabinèt énggal, semoe-semoenipoen Paul Boncour.
ITALIE. Nanggoelangi mode. Pakempalan fascist-kabangsan ing Italia, béndjing taoen 1930 ngadjeng poenika badé toemandang nanggoe-

langi modèling panganggènipoen tijang èstri wedalan tanah sadjawanipoen Itali. Pakempalan waoe badé ngadani modèl panganggé saèmper modèl kala abad 14, i. p. rok pandjang, longgar, koemlèmbèh, lengenan pandjang, goelon inggil. Tas-èstri (damestasch) tjalon boten katjangking, nanging kagantoengan wonten sèntir.
BELGI. Poetri Belgi patjangan. Pangéran Itali dipoenpistoel. Poetrinipoen sang praboe Belgi, retna dèwi Marie José, patjangan kalijan pangéran pati Italie: Umberto. Nalika sang pangéran tanggal 24 October wonten Belgi, dipoenpistoel tijang Itali, nanging lepat. Ingkang mistoel waoe student nama Fernando di Rosa asli Milaan, oemoer 21 taoen. Nalika dipoenprika justitie wangsoelanipoen pantjèn nedya anjèdani pangéran Umberto. Pijambakipoen student kawroeh hoekoem ing Paris warganipoen pakempalan „tweede socialistiche internationale”. Pijambakipoen pantjèn aprasetya badé ngitalaken njawanipoen sang nata Itali, sang pangéran pati, poenapadéné Mussolini, djer kamanah sami anjdrani grondwet-ipoen pradjia Itali.
Lelampahan ing nginggil poenika adamel moeringipoen serat-serat kabar ing Itali. Tindakipoen Fernando ingkang makaten waoe dipoenwastani tindak angisin-isini, anglorotaken daradjang pradjia, anjenjorèng namanipoen Itali, mila kedah kaoekoem awrat. Ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama nglahiraken béla-soengkawa dateng Sang Praboe Victor Emanuel, saha oegi mahjakaken pambagé wilodjeng déné sang pangéran pati saged wilodjeng.
BARITANIJAH. Oetoesan nagari Tiongkok. Oetoesanipoen nagari

Tiongkok wonten Inggris, ingkang énggal, sampoen dateng. Oetoesan waoe asmanipoen Alfred Sze. Alfred Sze anerangaken dateng satoeng-giling poenggawa koran, bilih pamitranipoen nagari Tiongkok kalijan Inggris boten namoeng kalestantoekaken, oegi kasentosakaken. Nagari Tiongkok ngentos, ngadjeng-adjeng saha pitados bilih wonten wekdal samangké Baritanijah mesti badé atetoeloeng nagari Tiongkok. Oetoesan waoe jakin sanget, prahara ingkang sapoenika nglimpoeti djagad Tiongkok mesti badé lèrem. Mila, ngadjeng-adjeng soepados para mitranipoen Tiongkok bangsa Inggris sami gadah manah sabar, lan saé tandoekipoen kalijan Tiongkok. Sze anerangaken: politikipoen Tiongkok badé anglestantoekaken pamitranipoen kalijan sadaja nagari ingkang sampoen damel pradjangdjan kalijan Tiongkok; déné tindakipoen tansah angènggèni dadasar ingkang kawrat ing bedamèn anti-orlog jasanipoen Kellogg.
TIONGKOK-ROESLAND. Moe-sawaratan ing Moskou ingkang dipoenpangarsani Stalin, katjarijos anetepaken: soemedia ngedjègi sadaja margi sepoer Chineseche Ooster-spoorweg. Salebetipoen sawoelan Harbin tjalon dipoenbroki Roeslan. Sanadyan makaten-makaten Tiongkok boten mijoer manahipoen, angandemi tékad satoenggal: njirnakaken communisme saking djagad Tiongkok. Kala 23 October poelisi Tiongkok ngrabasa poenapadéné angglè-dah grija kongsol Roeslan ing Harbin. Angènipoen nglédah poenika, margi manoet pamirengipoen poelisi, grija waoe (tjalon) dados poeseripoen tindak reresah ing Harbin. Tijang Roeslan ingkang dipoentjèngi langkoeng saking 18.